# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर पर केंद्रीय गृह मंत्री के टिप्पणी के लेके कांग्रेस के आरोप पर पलटवार करत कहलें कि श्री अमित शाह भारतीय संविधान के निर्माता क जवन अपमान कांग्रेस कइले रहे, ओहकर करिया इतिहास उजागर कइले हवे। उहां के कहलीं कि श्री शाह की ओरि से पेस कइल गइल तथ्य से कांग्रेस तिलमिला गइल हउवे। कल्हि राज्यसभा में डाक्टर आम्बेडकर पर श्री शाह के टिप्पणी पर विपक्ष के आरोप के जिकिर करत श्री मोदी कहले कि जो त कांग्रेस अउर ओहकर लचर तंत्र के ई लागेला कि उनकर दुर्भावनापूर्ण झूठ कई सालि ले उनके अनुचित कर्म खास तौर से डाक्टर आम्बेडकर के प्रति ओन्हन लोगन की ओरि से कइल गइल अपमान के छिपा लिहे त ई पूरा तरह से गलत बाटे। सोसल मीडिया पोस्ट मे उहां के कहलीं कि देस के लोगि बेरि–बेरि देखले हउवे कि कइसे एगो राजवंस के अगुवाई वाली पारटी डाक्टर आम्बेडकर के विरासत के मेटवले अउर अनुसूचित जाति अउर अनुसूचित जनजाति के अपमानित करे खातिर हर तरह के अनुचित चाल चलल हउवे। ओहर डाक्टर भीमराव आम्बेडकर के बारे में गृहमंत्री अमित शाह के बयान पर विपक्ष के आरोप के लेके सोर सराबा के नाते आजु संसद के  दून्नो सदन का कारवाई दुपहरिया दुइ बजे ले स्थगित कइ दिहल गइल रहे।

**********

प्रदेस सरकार पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी क जन्म शताब्दी समारोह मनाई। ये मौका पर बिहने से पचीस दिसंबर ले प्रदेस के कई गो जिलन में कई तरह के कार्यक्रम आयोजित कइल जाई। बिहने सताब्दी समारोह क सुभारंभ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ संत गाडगे जी महाराज प्रेक्षागृह संगीत नाटक अकादमी में करिहें। समारोह में प्रदर्शनी, सांस्कृतिक कार्यक्रम, काव्यपाठ  के सथहीं कई तरह के आयोजन होई। येह आयोजन मे जीते वाले के पचीस दिसंबर के सम्मानितों कइल जाई।

**********

प्रदेस विधानसभा क घेराव करे खातिर लखनऊ जा रहल कांग्रेस नेता लोगिन के घरे में नजरबंद कइले के सथहीं ओन्हें जिलन में रोंकि लिहल गइल। ओहीं लखनऊ पार्टी कार्यालय पर मौजूद कांग्रेस कार्यकर्ता लोगिन के गिरफ्तार कई के इको गार्डेन में ले जाके छोड़ दिहल गइल। जवन नेता लोगि विधानभवन पहुंचले के कोसिस कइले उनहू के गिरफ्तार कइल गइल। पारटी क प्रदेस अध्यक्ष अजय रायो क गिरफ्तारी भइल।

**********

सशस्त्र सीमा बल क एकसठवां स्थापना दिवस आजु लखनऊ के सीमांत मुख्यालय पर मनावल गइल। येह दौरान एसएसबी क आईजी रत्न संजय बतवले कि  सेवा, सुरक्षा अउर बन्धुत्व एसएसबी का ध्येय वाक्य हउवे। उहां के कहलीं कि एसएसबी, उत्तर प्रदेश से लागे वाली नेपाल सीमा क सुरक्षा करे ला।

**********

प्रयागराज में दुइ हजार पच्चीस में होखे वाले महाकुंभ मे येह बेरि सुन्दरता अउर सुरक्षा क संगम देखाई देई। देस विदेस से ढेरि संख्या मे सरधालु एइजा नव्यता के साथे भव्यतो के देखिहे। मेला के सजवले अउर संवरले क काम अंतिम चरण में बाटे। महाकुंभ में पूरा मेला के संचालित कइले अउर व्यवस्था के निगरानी बदे नया कंट्रोल रूम बनावल गइल हउवे। महाकुंभनगर क अपर मेला अधिकारी विवेक चतुर्वेदी क मोताबिक येह कंट्रोल रूम से  मेला के चप्पा–चप्पा पर नजर रक्खल जाई। एइजा एक्के साथे सौ से जियादे अधिकारियन क टीमि काम करी। ओहां के बतवली कि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मंसा महाकुंभ के जरिए अइसन उदाहरण प्रस्तुत कइले क हउवे, जवने से लोगि ई जाने की उत्तर प्रदेस के उत्तम प्रदेस काहें कहल जाला।

**********

केन्द्र सरकार क पीएम सूर्यघर योजना के प्रदेस में नया आयाम मिल रहल हउवे। बिजुली क बचत, आमदनी में बढोत्तरी अउर हरित ऊर्जा के लक्ष्य के पूरा करे वाली येह योजना से प्रदेस के लाखो घर लाभान्वित हो रहल हउवे। प्रदेस सरकार के सक्रियता क नतीजा हउवे कि उत्तर प्रदेस सोलर रूफटॉप लगवले क मामिला में गुजरात अउर महाराष्ट्र के बादे देस में तीसरा स्थान पर बाटे। अबले प्रदेस में तिरपन हजार से जियादे सोलर रूफटॉप पैनल लगावल जा चुकल हउवे। सरकार क लक्ष्य अगिला तीनि बरिस में पच्चीस लाख सोलर रूफटॉप लगवले क हउवे। योजना के तहत सरकार येह के लगावे खातिर सब्सिडियो दे रहलि हउवे। एक किलोवॉट क्षमता वाले पैनल खातिर केन्द्र सरकार तीस हजार रूपिया अउर प्रदेस सरकार पन्द्रह हजार रूपिया क सब्सिडी दे रहलि हउवे। एहि तरियन दुइ किलोवॉट खातिर केन्द्र सरकार की ओरि से साठि हजार अउर प्रदेस सरकार की ओरि से तीस हजार रूपिया मिले ला।

**********

ब्रिस्बन में बॉर्डर–गावस्कर ट्रॉफी क्रिकेट टूर्नामेंट क तीसरका टेस्ट मैच  बरखा के नाते ड्रॉ हो गइल । एकरे जुरते बाद भारत क दिग्गज ऑलराउंडर रविचंद्रन अश्विन अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट से संन्यास क घोषणा कइ दिहले। खेल रोकले के समय ले भारत अपने दुसरकी पारी में बिना कवनो विकेट गंववले आठ रन बना लिहले रहे। ओह समय भारत के जीत बदे दुइ सौ सड़सठ रन क जरूरति रहे बाकिर खराब मौसम के नाते मैच क निर्णायक परिणाम नाही आ पावल। पांच मैचन क श्रृंखला फिलहाल एक–एक से बराबरी पर बाटे। अगिला टेस्ट मैच छब्बीस दिसंबर से मेलबर्न में खेलल जाई।

**********